

AVI SOU PRATIK ITILIZASYON AK DIVILAGASYON POU ENFÒMASYON PRIVE PASYAN

NOTICE OF PRIVACY PRACTICES FOR CLIENT CONFIDENTIAL INFORMATION

Anvigè nan dat 14 avril 2003

Lalwa egzije pou DSHS fè w konnen dwa ou genyen pou enfòmasyon prive. Avi sa a pa afekte elijiblite ou pou resevwa sèvis DSHS.

Avi sa a dekri kouman yo kapab itilize ak divilge enfòmasyon medikal ou ak lòt enfòmasyon ki konsène ou ak fason ou kapab wè enfòmasyon sa yo. Tanpri revize avi a avèk atansyon.

Ki enfòmasyon konfidansyèl DSHS genyen sou mwen?

Ou kapab aplike pwogram DSHS oswa patisipe nan pwogram DSHS ki ofri benefis oswa sèvis. Konsènan pwosesis sa a, ou kapab bezwen bay enfòmasyon konfidansyèl tankou enfòmasyon pou yo kontakte ou, enfòmasyon finansye ou ak enfòmasyon sou sante ou. Nou kapab resevwa tou enfòmasyon konfidansyèl sou ou nan lòt sous nou bezwen pou nou kapab ba ou sèvis oswa pou nou kapab ofri peman pou swen ou.

Kimoun ki wè enfòmasyon konfidansyèl mwen yo?

Nou wè sèlman yon kantite minimòm enfòmasyon konfidansyèl nou bezwen pou fè djòb nou. Nou kapab divilge enfòmasyon yo ba lòt pwogram oswa lòt moun si lalwa bay otorizasyon pou sa oswa si w bay pèmasyon pou sa. Pa egzanp, founisè swen medikal ak lòt founisè k ap pran swen ou kapab resevwa ak itilize enfòmasyon konfidansyèl ou. Nou kapab divilge enfòmasyon pase, sa ou genyen kounye a ak sa w pral genyen alavni.

Ki enfòmasyon DSHS divilge?

Nou divilge sèlman enfòmasyon ou lòt moun bezwen pou yo kapab fè djòb yo. Ou kapab mande yon lis kote nou voye enfòmasyon sou sante ou.

Kilè DSHS divilge enfòmasyon konfidansyèl yo?

Nou konsève ak divilge enfòmasyon pou prepare tretman, pou fè peman ak pou fonksyonman biwo yo. Nou kapab divilge enfòmasyon yo pou:

- Detèmine si tretman medikal la apwopriye.
- Peye pou sèvis founisè swen medikal ba ou.
- Detèmine si w elijib pou sèvis oswa pou benefis yo.
- Evalye kalite swen ou resevwa nan men founisè yo.

Èske mwen kapab wè enfòmasyon mwen yo?

Ou kapab wè enfòmasyon nou genyen sou ou. Si w genyen dosye nan plis pase yon pati DSHS, ou dwe fè nou konnen ki dosye ou vle wè a. Si w fè demann lan, w ap resevwa yon kopi. DSHS kapab fè w peye pou kopi dosye ou yo.

Èske mwen kapab chanje dosye mwen yo?

Si w panse enfòmasyon ki nan dosye ou gen erè, ou kapab voye yon demann alekri pou nou fè chanjman oswa pou ajoute nouvo enfòmasyon. Ou kapab mande pou nou voye chanjman yo ba lòt moun ki te resevwa kopi dosye ou yo.

Esi yon lòt moun bezwen enfòmasyon konfidansyèl mwen yo?

Nou kapab mande w pou siyen yon fòmilè otorizasyon pou pèmèt nou divilge enfòmasyon ou yo si:

- DSHS bezwen voye enfòmasyon yo lòt kote;
- Ou vle pou nou voye enfòmasyon yo ba yon lòt biwo oswa yon lòt founisè;
- Ou vle pou nou voye enfòmasyon yo ba yon lòt moun tankou avoka ou, yon manm fanmi ou oswa yon lòt reprezantan.

Pèmasyon ou bay pou divilge enfòmasyon ou yo ap anvigè pou jouk dat ou mete sou fòmilè otorizasyon an. Nou kapab sèlman divilge enfòmasyon ou mete nan lis ou. Ou kapab anile oswa chanje pèmasyon sa a alekri.

AVI DSHS SOU PRATIK ITILIZASYON AK DIVILGASYON POU ENFÒMASYON KONFIDANSYÈL

Anvigè nan dat 14 avril 2003

Èske enfòmasyon konfidansyèl mwen kapab divilge san mwen pa bay pèmisyon pou sa fèt?

Wi, gen delè nou kapab divilge enfòmasyon konfidansyèl ou san pèmisyon ou. Dapre lalwa, nou gen obligasyon oswa pèmisyon pou divilge enfòmasyon konfidansyèl ou nenpòt kilè, menm si w pa ban nou pèmisyon pou sa. Men kèk pami sityasyon sa yo:

- Rapòtaj ensidan abi oswa neglijan sou timoun oswa sou adilt ba lapolis oswa lòt biwo apwopriye;
- Bay dosye yo lè yon tribinal egzije pou nou fè sa;
- Divilgasyon enfòmasyon yo ba lòt biwo ki revize fonksyonman DSHS;
- Divilgasyon enfòmasyon yo ba biwo gouvènman ki gen otorizasyon epi ki enspekte bilding medikal yo, tankou mezon retrèt oswa lopital;
- Divilgasyon enfòmasyon founisè sèvis oswa lòt biwo bezwen pou detèmine si w elijib pou resevwa sèvis oswa benefis yo;
- Divilgasyon sèten enfòmasyon ba paran oswa gadyen legal minè yo;
- Itilizasyon enfòmasyon yo pou fè rechèch.

Èske mwen kapab mete limit sou divilgasyon enfòmasyon mwen yo ak sou fason mwen resevwa yo?

Ou kapab mande nou pou limite itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon sou sante ou, men nou pa oblije dakò ak demann ou. Ou kapab mande nou tou pou nou voye enfòmasyon sa yo ba ou nan yon fòm diferan oswa yon kote diferan.

Èske mwen kapab resevwa yon kopi avi sa a?

Wi. Avi sa a se pou ou epi ou kapab sere li. Si w te resevwa avi sa a sou fòm elektwonik, ou kapab mande yon kopi sou papye epi n ap ba ou youn.

Esi pratik itilizasyon ak divilgasyon yo chanje?

Nou gen dwa pou chanje pratik itilizasyon ak divilgasyon ki nan avi sa a. Si lalwa chanje, n ap voye yon nouvo avi ba ou konsènan chanjman sa yo.

Kimoun pou mwen kontakte si mwen genyen kesyon konsènan avi sa a oswa konsènan dwa mwen yo?

Si w genyen nenpòt kesyon konsènan avi sa a, tanpri poze kesyon an ba moun ki te ba ou avi a. Si w bezwen lòt asistans, ou kapab rele Fonksyonè DSHS ki responsab Enfòmasyon Prive nan nimewo (360) 902-8278.

Kouman pou rapòte yon vyolasyon dwa mwen pou enfòmasyon prive?

Si w kwè yo vyole dwa ou pou enfòmasyon prive, ou kapab pote plent bay:

Fonksyonè DSHS ki responsab Enfòmasyon Prive (DSHS Privacy Officer), Department of Social and Health Services, PO Box 45115, Olympia WA 98504-5115. Si w pote plent, DSHS p ap chanje oswa sispann sèvis oswa benefis ou epi li pa kapab fè vanjans kont ou.

OSWA

Sekretè a, Department of Health and Human Services (DHHS), 2000 Independence Avenue, Washington, D.C. 20201. Nenpòt plent ki fèt ba DHHS dwe fèt nan 180 jou ki vini apre dat vyolasyon dwa pou enfòmasyon prive a.



AVI DSHS SOU PRATIK ITILIZASYON AK DIVILGASYON POU ENFOMASYON KONFIDANSYÈL
Anvigè nan dat 14 avril 2003

**REKONESANS
ACKNOWLEDGEMENT**

NON PASYAN (TANPRI EKRI AN MAJISKIL)	DAT NESANS PASYAN AN
Mwen resevwa yon kopi Avi DSHS sou Enfòmasyon Prive epi mwen te jwenn yon chans pou poze kesyon sou fason DSHS ap itilize ak divilge enfòmasyon konfidansyèl sou sante mwen.	
SIYATI PASYAN AN OSWA REPREZANTAN PÈSONÈL LI	DAT LA
POU ITILIZASYON DSHS SÈLMAN (FOR DSHS USE ONLY)	
To be completed if unable to obtain client's or personal representative's signature.	
Describe efforts made to have the client acknowledge receipt of the Notice of Privacy Practices (NPP):	
Describe reason why acknowledgement was not obtained:	
STAFF MEMBER'S NAME AND TITLE (PLEASE PRINT)	ADMINISTRATION/DIVISION
STAFF'S SIGNATURE	DATE